

# Health Insurance Marketplace

ZOUTI TÈMATIK SEMÈN OUVÈTI ENSKRIPSYON MACHE A

SEMÈN AKSYON NWA AMERIKEN  
10 NOVANM 2024 – 17 NOVANM 2024

Dokiman sa a genyen Pwen Diskisyon, 5 Bagay Konsomatè Bezwen Konnen, ak yon Zouti ak Grafik pou rezo Sosyal ke patnè yo itilize pou enfòme konsomatè yo sou Peryòd Ouvèti Enskripsyon Mache Asirans Sante yo.

Tanpri vizite [Fèy referans](#) nou an pou jwenn resous pou ede pwomouvwa Peryòd Ouvèti Enskripsyon Mache a bay moun nan kominate w la ki bezwen enskri nan yon asirans sante.

## Pwen Diskisyon pou Semèn Aksyon Nwa Ameriken yo:

- Grasa yon novo règ, benefisyè Aksyon Difere pou Arive Timoun yo (DACA) ak kèk lòt imigran kalifye kounye a pou enskri nan kouvèti medikal atravè Mache yo.
- Aksè a kouvèti medikal enpòtan anpil pou asire moun Nwa yo ka pran swen sante yo epi pwoteje tèt yo ak fanmi yo kont gwo depans medikal yo.
- Pandan Peryòd Enskripsyon Ouvè 2024 la, 3 milyon Ameriken Nwa te chwazi plan sou [HealthCare.gov](#). Kantite konsomatè Nwa yo te ogmante de 204 poustan ant 2020 ak 2024, an pati akòz ogmantasyon efò sansibilizasyon ak aksesibilite finansye kouvèti Mache a.
- Malgre pwogrè sa yo, pousantaj ki pa gen asirans nan mitan Ameriken Nwa yo toujou pi wo ke pami Ameriken Blan.
- Akòz obstak ak diferans sistemik, moun Nwa yo manke asire epi yo pa asire, sa ki antrene pi move rezulta anmatyè sante konpare ak lòt gwoup yo.
- Ane sa a, gras a Lwa sou Rediksyon Enflasyon an, plis moun ap kontinye benefisyè èd pou achte bon jan kalite kouvèti medikal.
- 4 kliyan[HealthCare.gov](#) sou 5 ka jwenn yon plan pou \$10 oswa mwens pa mwa avèk èd finansye.
- Nou ankouraje moun nwa ki swete benefisyè yon kouvèti atravè [HealthCare.gov](#) pou yo konpare òf yo pou wè si y ap jwenn yon plan ki reponn a bezwen yo.
- Konsomatè nwa ki pa gen asirans, ki pa benefisyè kouvèti gras a travay yo, oswa moun ki ka pèdi kouvèti medikal yo ka kalifye pou kouvèti medikal sou [HealthCare.gov](#).
- Konsomatè nwa ki vle enskri nan kouvèti medikal ta dwe vizite [HealthCare.gov](#) oswa rele Sant Dapèl Mache a nan 1-800-318-2596. Itilizatè TTY yo ka rele 1-855-889-4325.
- Pou jwenn èd lokal nan men yon Navigatè oswa yon konseye aplikasyon sètifye, oswa pou yon ajan kontakte w oswa yon koutye ki anrejistre nan Mache a, konsomatè yo ta dwe vizite [HealthCare.gov/find-local-help](#).

# Health Insurance Marketplace

## 5 Bagay Konsomatè Bezwèn Konnen sou Ouvèti Enskripsyon

### Mache a:

- Dat kle!** Peryòd ouvèti Enskripson Mache a sou [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov) dewoule soti 1ye novanm rive 15 janvye. Konsomatè ki vle yon kouvèti medikal apati 1ye janvye ta dwe enskri nan yon kouvèti anvan 15 desam. Konsomatè yo dwe enskri anvan 15 janvye pou yo gen kouvèti ki kòmanse 1ye fevriye. Sinon, konsomatè yo pral bezwen kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal pou enskri nan yon plan Mache a.
- Kouvèti a Abòdab!** Gras a yon nouvo lwa ki soti an 2022, Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act (IRA)), plis moun benefisyè èd pou achte bon jan kalite kouvèti medikal. Si ou te chèche kouvèti medikal anvan, li vo lapèn pou jete yon dezyèm kout je:
  - 4 kliyan [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov) sou 5 pral kapab jwenn yon plan a \$10/mwa oswa mwens ak èd finansye.
  - Avèk IRA a, plizyè milyon moun ap kontinye benefisyè kredi taks ki redui prim yo.
- Bon jan kalite plan!** Mache a ofri bon jan kalite plan asirans sante konplè ki kouvri vizit doktè, swen ijans, swen sante konpòtmantal, swen preventif, swen lopital, swen matènité, ak medikaman sou preskripsyon.
  - Genyen tou nouvo opsyon plan ki ofri plan avantaj sosyal menm jan ak plis sèvis pre-dediktib.
- Èd disponib!** Konsomatè yo ka aksede a Navigatè yo ak lòt nan chak eta sou Mache a. Pou jwenn èd lokal, ale sou [HealthCare.gov/find-local-help](https://www.healthcare.gov/find-local-help).
- Enskri pou Kouvèti!** Tout konsomatè yo ap chèche yon asirans sante — menm moun ki gen kouvèti kounye a atravè Mache a — ta dwe enskri oswa re-enskri lè yo konekte sou [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov) ak [CuidadodeSalud.gov](https://www.cuidadodesalud.gov) oswa rele 1-800-318-2596 (TTY se 855-889-4325) pou ranpli yon aplikasyon, epi enskri nan yon plan Mache. Èd gratis disponib 24 èdtan sou 24, 7 jou sou 7 pa semèn, epi asistans disponib nan plis pase 200 lang.

### Zouti rezo sosyal ak grafik:

Semèn Aksyon Nwa Ameriken yo		
DAT PUBLIKASYON	KOPI PIBBLIKASYON	GRAFIK
10 Nov-16 Nov	Ogmantasyon èd finansyè ki rann posib 66% Ameriken Nwa ki pa gen asirans jwenn yon plan sante HealthCare.gov pou \$0 pa mwa toujou disponib! Pa rate kouvèti pou 2025—Enskri jodi a & #GetCovered! <a href="https://www.healthcare.gov/get-coverage">https://www.healthcare.gov/get-coverage</a> #MarketplaceOE	

# Health Insurance Marketplace

<p>Gras a #LwaRediksyonEnflasyon an (InflationReductionAct), anpil moun pral kontinye reyalize ekonomi sou prim 2025 sa a #MarketplaceOE! An reyalite, 4 sou 5 kliyan ka jwenn yon plan a \$10 pa mwa oswa mwens.</p> <p>Achte, konpare ak #JwennKouvètii (#GetCovered) nan: <a href="https://www.healthcare.gov/get-coverage">https://www.healthcare.gov/get-coverage</a></p>	
<p>Pwoteje sante fanmi ou ak yon plan sante konplè abòdab. Tout plan HealthCare.gov kouvri avantaj esansyèl tankou sèvis preventif ak preskripsyon. Acha ak #JwennKouvèti (#GetCovered) nan <a href="https://www.healthcare.gov/get-coverage">https://www.healthcare.gov/get-coverage</a> #MarketplaceOE</p>	